



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU REFÒM ETIK KI PWOPOZE YO

Pandan tout sezon otòn nan, bagay ki pi komen mwen te tandè moun di se te “mwen pa ka tann pou eleksyon an fini”. Baze sou sa, ou ta panse ke Jounen Eleksyon sa ta ramne Kalm ak soulajman pou nou nan peyi a.

Bon, eleksyon an fini e pèsòn pa santi yo soulaje. Yo te konte vòt yo e yo te deklare moun ki genyen yo, men domaj ki soti nan yon kanpay anmè epi lèd, rete. Elektè yo te antre nan sezon elektoral la tou tris. Santiman ensekirite ki pwovoke pa yon ekonomi malonèt epi dominan. Santiman sa yo te konpoze ak dout k ap ogmante konsènan entegrite gouvènman yo pou reprezante yo reyèlman nan plas gran enterè lajan yo.

Kanpay la pa t fè anyen pou apeze pè sa yo. An reyelite li te vin pi mal. Anvan konpetisyon an te fini, kanpay la te bwouye sistèm jistis peyi a nan li menm – enstitisyon nou konte sou yo pou ki se gadyen san patipri demokrasi nou an.

Lapè sa pou pwoblèm reyèl, konbine ak mank konfyans nan gouvènman an, se konbinezon ki toksik ke peyi sa fè fas kounye a.

Malerezman, New York pa fè eksepsyon. Eta nou an te soufri pandan plizyè long ane de eskandal san fen nan tout nivo: gouvènman konte yo, gouvènman vil yo, lidè lejislatif nan Sena ak Asanble yo, nan sistèm jidisyè a, nan NYPD (New York Police Department) a e menm nan Egzekitif la.

Yo te revandike kont movèz kondwit e nan kèk ka yo te pwouve yo.

Eskandal sa yo te afekte eta a soti nan Chit Niagara a rive nan Montauk Point. Demokrat, Repibliken, Konsèvatè, Liberal, Endepandan –okenn pati pa iminize.

Mwen kwè yo dwe abòde pwoblèm konfyans ak entegrite piblik la – dirèkteman e san detou. Mwen pa kwè nan demisyon antanke yon estrateji lavi Mwen kwè ou dwe fè fas ak pwoblèm ou, kèlkeswa jan li dezagreyab, e fè tout sa w kapab pou rezoud yo.

Se moman pou aksyon, se pa mo.

Nou bezwen sispann evazyon epi evite fwod; arete malfetè yo epi pini sila yo ki vyole lalwa.

Toutotan nou aji pi bonè, se toutotan li pi bon. Nou ka pran kèk mezi imedyatman.

Yè, Enspektè Jeneral (Inspector General, IG) eta a te emèt yon rapò sou movèz jesyon nan Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY). Rapò a te detaye akizasyon move zak ak yon mank kontwòl jesyon.

Pou mwen, pi gwo mesaj rapò a, sè ke jesyon an pa t rive konprann ke lajan kontribyab la merite pi gwo pwoteksyon. Eskandal raman kòmanse ak sa ki mal, men ak tantasyon, e tantasyon kòmanse dabitid ak yon mank vijilans. Onètete se yon vèti, men nan òganizasyon, se yon kilti, e li kòmanse nan tèt la, ak lidèchip.

Lè Dirijan yo bliye sa, se moman pou chanje lidèchip. Alò, mwen òdone Konsèy CUNY an pou revize direksyon an tout antye nan CUNY, pou evalye a ki pwèn kilti tolerans sa pwopaje, e nan ki nivo yon chanjman nesèsè. Se yon jou tounèf. Yo dwe revize tou, tout rezilta rapò IG a epi pwopoze solisyon imedyata.

Mwen òdone yo fini revizyon an nan 30 jou epi avize IG eta a de revizyon yo pwopoze a. Biwo IG a ap ofri opinyon yo sou refòm konplè yo epi apre, y ap antreprann yon plan aksyon.

Gen lòt mezi nou ka pran imedyatman. Sistèm pasasyon mache nan CUNY ak SUNY (State University of New York) vin tounen pwèn santral Komisè Gouvènman Ameriken an ak ankèt IG yo nan mwa ki sot pase yo. Pou asire gen plis sipèvizyon pèmanan, m ap kreye epi nome Enspektè Jeneral sèpare pou SUNY ak CUNY. Y ap responsab pou idantifye epi fè envestigasyon sou konfli enterè, fwod, koripsyon ak abi. Y ap revize kontra ak anboch pou aksyon ki pa konfòm e ki ilegal yo. Y ap chèche benefis pèsonèl nenpòt anplwaye egzekitif oubyen lejislatif oubyen aksyon ki pa kòrèk ak yon twazyèm pati. Y ap revize tout kanpis ak tout enstitisyon ki afilye yo. IG a ap gen otorite pou pote tout rapò kondwit ki pa kòrèk dirèkteman bay fòs lòd yo.

M ap nome yon Direktè Acha pou chak pouvwa Egzekitif. Moun sa ap responsab pou revize tout kontra eta yo, ak yon lèy pou elimine tout move zak, konfli enterè oubyen konplisite. E jis pou pa gen okenn konfizyon, mwen vle di, tout kontra yo. Tout kontra oswa akò ki egzije ranbousman fon eta yo ap soumèt a revizyon. Direktè Acha a ap gen otorite pou revize tout ranbousman ki soti nan Divizyon Bidjè Eta a (State Division of the Budget). Sa ap enkli tout kontra, sibvansyon, ranbousman egzekitif oubyen lejislatif. Y ap egzamine tout kesyon konplisite, benefis politik oubyen lyen pèsonèl, konplètman. Direktè Acha a ap genyen eksperyans ankèt ak pouwit, e l ap otorize pou refere pwoblèm enpòtan yo bay fòs lòd yo pou pran lòt mezi.

M ap òdone responsab kanpay ak pati mwen an pou pa aksepte kontribisyon kanpay ki soti nan konpayi, depi yo te anonse yon Apèl Dòf, e pandan si mwa ki swiv dediksyon moun ki genyen an. Mwen kwè lòt biwo eta yo ak lejislati a ta dwe fè menm bagay la epi pwopoze lwa sa.

Sa yo se mezi mwen ka pran sou pwòp otorite mwen. Men gen plis bagay pou nou fè. E pou pran mezi sa yo, m ap pwopoze yo bay Konsèy Lejislatif Eta a. Men sa m ap pwopoze.

Pou n mete fen a plizyè deseni konfli enterè kwonik – ni sa yo sispèk ni sa ki reyèl – lejislatè yo pa ta dwe otorize pou sèvi de mèt ankò. Nou dwe dekrete limit sou revni ekstèn yo pou mete fen nan konfli enterè kwonik ki afekte Lejislati Eta New York la pandan anpil ane. Si ou pral vin yon sèvitè piblik, ou pa ta dwe an mezi pou genyen lòt enterè akote. Mwen soutni modèl Kongrè pou yon kapasite revni ekstèn 15 pousan.

Nou te remake konfli enterè nan gouvènman lokal yo. Mwen pwopoze pou yo bay Konsèy Etik Eta a JCOPE (Joint Commission on Public Ethics State Ethics Board), pi gwo otorite pou derasine konfli enterè fonksyonè gouvènman lokal yo.

Epi tou, yo ta dwe egzije tout fonksyonè ki eli pou – eta ak zòn yo – revele sous revni yo genyen ak sa mari/madanm yo genyen.

Nou toujou bezwen pwomilge kanpay refòm finansye reyèl ak finansman piblik pou kandida yo.

Nou dwe mete fen nan swadizan kapasite pou òganizasyon defans ki pa pou pwofi yo chape anba règlemantasyon epi pase sistèm finans piblik New York City la nan betiz, lè n otorize kanpay yo aksè ak finansman ki pratikman san limit ki soti nan enterè espesyal

Refòm sa yo ap fè yon diferans. Men mwen vle fran konsènan previzyon yo. Mwen pa ka di moun eta nou an ke nou ka mete fen nan tout fwod oubyen koripsyon. Mwen te Pwokirè Adjwen e mwen te Pwokirè Jeneral. Mwen te trete plizyè santèn ka kriminel. Mwen te wè twòp konpòtman endesan pou m ta nayif konsènan pouvwa tantasyon. Gen plis pase 10,000 ministè nan eta sa ki gen plis pase 300,000 anplwaye. Moun ap komèt zak koripsyon ak zak visye. Y ap fè bagay ki egoyis, e ki franchman estupid. Nou te wè sa, nan tout istwa a. Pratikman, tout administrasyon nan tout epòk te touche pa sa. Mwen te wè sa mwen menm, e sa te touche m e sa te blese m.

Men nou dwe fè tout sa nou kapab.

Gen yon ansyen pwovèb ki di, takèt fèt pou pwoteje moun ki onèt. Sa se vre. E kounye a, New York bezwen ranplase takèt nou genyen yo ak sa ki pi bon.

Nou pa gen pi gwo priyorite.

Lè mwen te eli, mwen te pran angajman pou m fè tout sa m kapab pou ba nou yon gouvènman ki fonksyone--ki fè reyalizasyon e yon gouvènman nou ka fè konfyans.

Nou te fè gwo pwogrè nan premye priyorite a – konpetans ak kapasite gouvènman an vin pi bon, pi bon anpil. Jodi a, depans eta a diminye, taks yo diminye, bidjè yo

responsab e n ap konstwi yon nouvo New York soti Buffalo rive Long Island. Nou mennen nasyon an nan egalite nan maryaj, kontwòl zam responsab, ogmantasyon salè minimòm ak konje familyal peye. Nou te abòde anpil pwoblèm difisil. Mwen aplodi konsèy lejislatif la pou pwogrè ak reyalizasyon yo.

Men pwogram nan pa fini. E onètman, okenn gouvènman ki pa jwi de konfyans moun l ap gouvène yo pa ka deklare li reyisi.

Nou bezwen chanje. Li p ap rapid e li p ap fasil. Men nou kapab, e nou dwe fè ansòt ke sa rive.

Mwen konprann ke sa m ap pwopoze a se t ap yon chanjman masiv. Mwen pa gen dout ke estrikti politik la ap opoze ak li. Konsèy lejislatif la ap di yo te adopte plis refòm etik sou mwen ke jamè anvan, e sa se vre. Nou te adopte kat lwa etik e nou gen yon sistèm ki pi solid ke jamè. Men sa toujou pa sifi. Sa konpreyansib. Nou pa gen konfyans piblik la.

Se jou ki difisil pou nou tout. Pwoblèm yo se pa sèlman pwoblèm New York – yo se pwoblèm nasyonal. Sik elektoral ki pase a te deranje anpil. Men pandan m chita sou biwo papa m nan, mwen sonje sa li te aprann mwen. Toujou genyen yon verite senp dèyè chak sityasyon ki parèt konplike. Nou dwe jis gen volonte pou wè sa. La verite sèke konfyans sa vini anvan tout lòt bagay e li dwe pi gwo priyorite nou. La verite sèke konfyans nan gouvènman se fondasyon sistèm nou an e nou dwe restore li.

La verite sèke se yon pwoblèm nasyonal, men se dwa Eta New York pou montre chemen an.

Kèlkeswa jan travay sa ap difisil, mwen gen konfyans ke n ap reyisi. Apre tou, nou te reyalize enposib anvan sa. Ansanm, nou ka fè sa ankò. Lè gen gwo enterè sa yo, lè koz la enpòtan nan pwèn sa, nou ka fè sa ankò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418